**МУНИЦИПАЛЬНОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ «КАЛИНОВСКАЯ НАЧАЛЬНАЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА»**

| | |
|---|---|
| ПРИНЯТО<br>на педагогическом совете<br>(протокол № 1 от 30.08.2022 г.) | СОГЛАСОВАНО<br>Заместитель директора по УВР<br>_____________ Э.Н. Мыжидова<br>31 августа 2022 г |

# Рабочая программа учебного предмета «Чеченский язык»

**4 класс**

# ПРЕДМЕТАН ЧУЛАЦАМ

**Нохчийн маттах болу хаамаш**

Нохчийн мотт Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт санна.

Мотт – халкъан синъоьздангаллин коьртачу мехаллех цхьаъ санна.

Мотт бовзаран тайп-тайпана некъаш: тергам, анализ, лингвистикин эксперимент, мини-таллам, проект.

**Фонетика, графика, орфоэпи**

Йеллачу параметрашца дашехь а, дашехь доцуш а аьзнийн характеристика, дустар, классификаци йар. Дешан аьзнийн-элпийн таллам.

Къамел даран (говорение) а, йешаран а процессехь нийса интонаци (иэшар).

Аьзнийн, аьзнийн цхьаьнакхетарийн аларан норманаш; дешнашкахь, хIинцалерчу нохчийн литературни меттан норманашца йогIу, йохалла (Iаматехь Iамочу дешнийн кIеззиг масалшна тIехь).

**Лексика**

Къамелехь синонимех, антонимех, омонимех пайдаэцарна тIехь тергам.

Къамелехь дешнийн чIагIделлачу цхьаьнакхетарех (фразеологизмех) пайдаэцарна тIехь тергам (довзийтар).

**Дешан хIоттам (морфемика)**

Хийцалучу дешнийн хIоттам, морфемаш атта къасталучу дешнашкахь орамаш, дешхьалхенаш, суффиксаш, чаккхенаш билгалйахар (Iамийнарг карладаккхар).

Дешан лард. Чолхе дешнаш (довзийтар).

**Морфологи**

Коьрта а, гIуллакхан а къамелан дакъош (йуьхьанцара довзийтар).

ЦIердош. ЦIердешнийн легар. 1, 2, 3, 4-чу легарийн цIердешнаш. Долахь цIердешнийн легар (цIераш, фамилеш).

Билгалдош. Лаамаза а, лааме а билгалдешнаш. Билгалдешнийн легар.1,2-чу легаран билгалдешнаш. Легалуш доцу билгалдешнаш (хьенан? стенан? хаттаршна жоп лун билгалдешнаш).

Терахьдош. Масаллин а, рогIаллин а терахьдешнаш.

ЦIерметдош. Йаххьийн цIерметдешнаш (карладаккхар). Цхьаллин а, дукхаллин а терахьан йаххьийн цIерметдешнийн дожаршца хийцадалар.

Хандош. Хандешан билгалза кеп. Хандешнийн карара, йахана, йогIу хан. Хандешнаш хенашца хийцадалар.

Куцдош (йукъара кхетам). МаьIна, хаттарш, къамелехь пайдаэцар.

ДештIаьхье.

Хуттург. Цхьалхе а, чолхе а предложенешкахь хуттургаш.

Дакъалгаш *ца, ма,* церан маьIна.

**Синтаксис**

Дош а, дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а, церан тераллех а, башхаллех а кхетар; аларан Iалашоне хьаьжжина, предложенийн тайпанаш (дийцаран, хаттаран, тIедожоран); синхаамийн иэшаре (айдаран а, айдаран йоцу а) хьаьжжина, предложенийн тайпанаш; йаьржина а, йаржаза а (Iамийнарг карладаккхар). Цхьалхечу предложенин синтаксически таллам.

Цхьанатайпанчу меженашца йолу предложенеш: хуттургаш йоцу а, хуттургашца йолу а. Цхьанатайпанчу меженашца йолчу предложенешкахь дагардаран интонаци (иэшар).

Цхьалхе, чолхе предложени (йовзийтар).

**Орфографи а, пунктуаци а**

Орфографин син ипалла нийсайаздаран гIалат дан тарлун меттигах кхетар санна; ша хIоттийна а, схьакховдийна а тексташ талларехь таллам а, ша шена таллам а (карладаккхар а, нийсайаздаран керлачу коьчалехь пайдаэцар а).

Нийсайаздаран (орфографин) дошамах, дешан нийсайаздар къастош (нисдеш), пайдаэцар.

Нийсайаздаран бакъонаш а, царах пайдаэцар а: дешхьалхенийн цхьаьна а, къаьстина а йазйар; хуттургаш йоцуш а, хуттургашца а цхьаьнатоьхначу предложенешкахь сацаран хьаьркаш.

Шина цхьалхечу предложенех лаьттачу чолхечу предложенехь сацаран хьаьркаш (тергам).

**Къамел кхиор**

Барта а, йозанан а тІекеренан хьелаш (кехат, декъалваран открытка, дІакхайкхор (объявлени), и.д.кх.); диалог; монолог; текстан цІарехь текстан тема йа коьрта ойла гайтар.

Йозанан къамелан нийса хилар, хьал долуш хилар, исбаьхьалла а тидаме а оьцуш, тексташ (йелларш а, шен а) нисйар.

Схьайиййцар, дІайазйар (текстан барта а, йозанан кепехь а ма-йарра схьайиййцар, текстан барта хоржуш схьайиййцар).

Сочинени йозанан белхан тайпа санна.

Талламан, йовзийтаран йешар. Текстехь гучу кепехь балийна хаам лахар. Текстехь болчу хааман буха тІехь цхьалхачу жамІийн кепаш йалор. Текстехь болчу хааман интерпретаци а, жамІдар а.

## ПРЕДМЕТАН ПРОГРАММА КАРАЙЕРЗОРАН КХОЧУШДАН ЛОРУ ЖАМІАШ

### ЛИЧНОСТНИ ЖАМІАШ

Йуьхьанцарчу школехь «Ненан (нохчийн) мотт» предмет Іаморан жамІехь кхетош-кхиоран гІуллакхдаран коьрта некъаш кхочушдечу хенахь дешархочун кхоллалур ду хІара **личностни** жамІаш:

**гражданско-патриотически кхетош-кхиоран:**

- шен Даймахкаца мехалаллин йукъаметтиг кхоллайалар, цу йукъахь республикин истори а, культура а гойту, ненан мотт Іаморехула а;
- шен этнокультурин а, россин а граждански идентичностах кхетар, Нохчийн Республикин пачхьалкхан маттах санна, ненан (нохчийн) меттан маьІналлех кхетар;
- шен мехкан а, даймехкан а дІадаханчун, таханенан, хиндолчун декъахь хилар, цу йукъахь исбаьхьаллин говзаршца болх барехь, хьелаш дийцаре дарехула а;
- шен а, кхечу а халкъашка ларам, цу йукъахь исбаьхьаллин говзаршкара масалийн буха тІехь кхуллуш берг а;
- йукъараллин декъашхочух санна, адамах болу дуьххьарлера кхетам, адаман бакъонех а, жоьпаллех а, ларамах а, адаман сийлаллех а, леларан гІиллакх-оьздангаллин норманех а, адамашна йукъарчу йукъаметтигийн бакъонех а, цу йукъахь исбаьхьаллин говзаршкахь гайтинарш а;

**син-оьздангаллин кхетош-кхиоран:**

- шен дахарехь а, йешарехь а зеделлачунна тІе а тевжаш, хІора адаман индивидуальность ларар;
- догъэцар а, ларам а, диканиг лаар а гучудаккхар, царна йукъахь шегара хьал а, синхаамаш а бовзийтархьама, нийса меттан гІирсах пайдаэцар а;
- кхечу адамашна куьйган (физически) а, моральни (оьздангаллин) а зен

дарна тӀехьажийнчу леларан муьлхха а кепаш цайезар (пайдаэца цатарлучу меттан гӀирсех йоьзнарш а цхьаьна);

**эстетикин кхетош-кхиоран:**

- исбаьхьаллин культурица лараме йукъаметтиг а, шовкъ а, искусстван тайпанашна а, шен а, кхечу а халкъийн ламасташна а, кхоллараллина а экамалла;
- исбаьхьаллин гӀуллакхдаран тайп-тайпанчу кепашкахь ша гайта гӀертар, меттан говзаллехь а цхьаьна; тӀекеренан а, ша гайтаран а гӀирсах санна, ненан меттан мехалаллех кхетар;

**физически кхетош-кхиоран, могашаллин культура а, эмоцин хьал а кхолларан:**

- меттан дешаран процессехь кхин тӀе (тӀетоьхна) хаам лохуш, гонахехь (цу йуккъехь хаамийн а) могашаллин а, кхерамзаллин (шена а, кхечу адамашна а) а дахаран кепан бакъонаш ларйар;
- къамелехь ша гайта тарлун некъаш харжарехь а, къамелан этикетан а, тӀекеренан бакъонийн а норманаш ларйарехь а гучудолу дегӀан а, синӀаткъаман а могашаллин тӀалам бар;

**къинхьегаман кхетош-кхиоран:**

- адаман а, йукъараллин а дахарехь къинхьегаман маьӀнах кхетар, къинхьегаман жамӀаш жоьпаллин хьаште хьажор а, лардаран йукъаметтигаш а, къинхьегаман гӀуллакхдаран тайп-тайпанчу кепашкахь дакъалацаран говзаллаш, исбаьхьаллин говзаршкара масалш дийцаре деш, тайп-тайпанчу корматаллашка кхоллалун шовкъ;

**экологин кхетош-кхиоран:**

- тексташца болх баран процессехь кхуллу Ӏалам Ӏалашдаран йукъаметтиг;
- цунна зен ден дараш цадезар;

**Ӏилманан хаарийн мехаллаш:**

- дуьненан Ӏилманехула долчу суьртах йуьхьанцара кхетамаш (цу йукъахь меттан системех, дийнна дуьненан Ӏилманехула долчу суьртан цхьана декъах санна, йуьхьанцара кхетамаш);
- довзаран хьашташ, жигаралла, дӀадолорна тӀера хилар, довзарехь хаа лаар а, шен лаамалла а, цуьнца цхьаьна ненан (нохчийн) мотт Ӏаморехь бовзаран хьашто а, и бовзарехь жигаралла а, шен лаамалла а.

**МЕТАПРЕДМЕТАН ЖАМӀАШ**

Йуьхьанцарчу школехь «Ненан (нохчийн мотт)» предмет Ӏаморан жамӀехь дешархочун кхоллалур ду хӀара дешаран универсальни **довзаран** дараш.

**Коьрта маьӀнийн дараш:**

- тайп-тайпана меттан дакъош дуста (аьзнаш, дешнаш, предложенеш, тексташ), меттан дакъош дустархьама баххаш билгалдаха (къамелан дакъа хилар, грамматикин билгало, лексикин маьӀна, и.д.кх.);
- меттан дакъойн тераллаш къасто;
- къастийнчу билгалонца объекташ (меттан дакъош) цхьаьнатоха;
- меттан дакъойн (аьзнийн, къамелан дакъойн, предложенийн, текстийн)

классификаци йархьама ладаме билгало къасто; меттан дакъошна классификаци йан;

- хьехархочо йеллачу тергаман алгоритмаца меттан коьчалехь закономерносташ а, бIостаналла а каро (схьалаха); меттан дакъошца болх беш, дарийн алгоритмана анализ йан, меттан дакъойн анализ йарехь ша дешаран (Iамаран) гIуллакхаш къасто;
- билгалййинчу алгоритман буха тIехь дешаран а, практикин а хьесап кхочушдан оьшучу хааман тоаме цахилар гучудаккха, кхин тIе оьшучу хааман хьашт кепе дало;
- меттан коьчална тIехь тергамбаран хьелашкахь бахьанийн-тIаьхьалонийн уьйраш билгалййаха, жамIаш дан.

**Коьрта талламан дараш:**

- хьехархочун гIоьнца Iалашо кепе йало, меттан объектан, къамелан хьолан хийцамийн план хIотто;
- тIедиллар кхочушдаран масех кеп йуста, уггар йогIуш йерг харжа (йалийнчу критерийн буха тIехь);
- схьакховдийнчу планаца чолхе боцу лингвистикин мини-таллам дIабахьа, схьакховдийнчу планаца проектан тIедиллар кхочушдан;
- жамIаш кепе дало а, меттан коьчална тIехь бинчу тергаман (классификацин, дустаран, талламан) жамIийн буха тIехь уьш тешаллашца тIечIагIдан а; билгалййинчу меттан коьчалан анализан процессехь хьехархочун гIоьнца хаттарийн кепаш йало;
- процессийн а, хиламийн а, церан тIаьхьалонийн а и санначу йа терачу хьелашкахь хила тарлучу кхиаран прогноз йан.

**Хаамца болх бар:**

- хаам схьаэцаран хьоста харжа: боьху хаам схьаэцархьама, нисбархьама оьшу дошам;
- билгалдинчу хьостанехь (дошам тIехь, справочник тIехь) йеллачу алгоритмаца гучу кепахь балийна болу хаам схьалаха (каро);
- шенна йа хьехархочо и талла (дошамашна, справочникашна, Iаматашна тIе о хьожуш) схьакховдийначу некъаца бакъ болу а, бакъ боцу а хаам бовза;
- Интернет машанехь хаам (дешан йаздарх, аларх, дешан маьIнах, дешан схьадаларх, дешан синонимех) лохуш, баккхийчеран (хьехаран белхахойн, дайн-нанойн, законехь векалш болчеран) гIоьнца информационни кхерамзаллин бакъонаш ларйан;
- дешаран хьесапе хаьжжина, анализ йан а, кхолла а текстан, видеон-, графикин, озан хаам;
- таблицийн, схемийн кепахь билгалбинчу лингвистикин хаамах кхета; лингвистикин хаам бовзийтархьама ша схемаш, таблицаш кхолла.

Йуьхьанцарчу школехь «Ненан (нохчийн) мотт» предмет Iаморан жамIехь дешархочун кхоллалур ду хIара дешаран универсальни **коммуникативни** дараш.

**ТIекере:**

- хетарг тIеэца а, кепе дало а, бевзачарна йукъахь Iалашонашца а,

тӀекеренан хьелашца а цхьаьнайогӀу эмоцеш гайта а;
- къамелхочуьнца лараме йукъаметтиг лело, диалог а, дискусси а дӀайахьаран бакъонаш ларйан;
- хетарг тайп-тайпана хила тарлуш хиларх кхета;
- оьзда а, аргументаш йалош а шена хетарг дӀаала;
- хӀоттийнчу хьесапе хьаьжжина, къамелан алар хӀотто;
- къамелан хьоле хьаьжжина, барта а, йозанан кепахь а тексташ (суртхӀоттор, ойлайар, дийцар) кхолла;
- тергаман, мини-талламан, проектан тӀедахкарийн жамӀех а, шимма цхьаьна а, тобанашца а бинчу белхан жамӀех а нахана гуш-хезаш дӀадийца доцца къамел дар кечдан;
- къамел даран (выступленин) текстана иллюстрацин коьчал (дехкина суьрташ, даьхна суьрташ (фото), плакаташ) харжа.

Йуьхьанцарчу школехь Іаморан чаккхенгахь «Нохчийн мотт» предмет Іаморан жамІехь дешархочун кхуьур ду хІара дешаран универсальни **регулятивни** дараш.

**Самоорганизаци:**
- жамӀе кхачархьама, дешаран хьесап кхочушдарехула дарийн план хӀотто;
- хьаьржинчу дарийн хьалх-тӀаьхьалла (рогӀалла) хӀотто.

**Самоконтроль:**
- дешаран гӀуллакхдаран кхиаман/аьтто цабаларан бахьанаш къасто;
- къамелан а, нийсайаздаран а гӀалаташ иэшорхьама, шен дешаран дараш нисдан;
- меттан дакъойх пайдаэцархьама, къасторхьама, характеристика йархьама хӀоттийнчу дешаран (Іаморан) хьесапца гӀуллакхдаран жамӀ цхьаьнадало;
- маттехула йолчу коьчалца болх беш дина гӀалат схьалаха, нийсайаздаран(орфографин) а, пунктуацин а гӀалат схьалаха (каро);
- одноклассникийн гӀуллакхдаран а, шен гӀуллакхдаран а жамӀаш дуста, йалийнчу критерешца церан нийса (объективно) мах хадо.

**Цхьаьна гӀуллакхдар:**
- хьехархочо йеллачу планированин кепан, йукъан гӀулчийн а, хенийн а дӀанисйаран буха тӀехь, стандартни (типовой) хьолехь, йоццачу хенан а, йеххачу хенан а Іалошонаш (йукъара хьесапашкахь дакъалацар тидаме о оьцуш, индивидуальни) кепе йало;
- цхьаьна гӀуллакхдаран Іалашо тӀеэца, цуьнга кхачаран дараш цхьаьна хӀитто: ролаш дӀасайекъа, бартбан, цхьаьна бечу белхан процесс а, жамӀаш а дийцаре дан;
- куьйгалла дан, тӀедиллинарг кхочушдан, аьллачун тӀехь хила а кийча хилар гайта;
- белхан шен дакъа жоьпаллица кхочушдан;
- йукъарчу жамӀехь ша лаьцначу декъан мах хадо;
- йеллачу (схьакховдийнчу) кепашна тӀе а тевжаш, цхьаьна ден проектан

тӀедахкарш кхочушдан.

**ПРЕДМЕТАН ЖАМӀАШ**

4 классехь «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Ӏаморо аьтто бо:

– адамийн тӀекеренан коьртачу гӀирсах санна нохчийн маттах кхета, нохчийн мотт нохчийн халкъан синъоьздангаллин коьрта мехалла санна тӀеэца;
– халкъан ламасташ а, культура а карайерзорехь а, чӀагӀйарехь а нохчийн меттан маьӀнах кхета;
– ненан мотт бовзаран шовкъ а, и Ӏамо лаам а гайта;
– Россин Федерацин меттан а, културин а цхьааллин а, тайп-тайпаналлин а шортенах, Россин халкъийн кхечу меттанашна йукъахь нохчийн меттан меттигах а йуьхьанцара кхетамаш кхолла;
– нохчийн меттан фонетикех, лексикех, грамматикех, орфографех, пунктуацех йуьхьанцара хаамаш кхолла;
– къамелан гӀуллакхдарехь карадерзийнчу хаарех пайдаэца хаар кхолла, къамелехь Ӏамийнчу лексикех пайдаэца, карайерзийнчу лексикех а, маттах долчу хаарех а пайда а оьцуш, барта аларш хӀитто;
– къамелан этикетехула Ӏамийнчу кепех пайда а оьцуш, къамелан тӀекеренехь дакъалаца;
– нохчийн маттахь къамелан гӀуллакхдаран массо а тайпанаш (ладогӀар, къамел дар, йешар, йоза) вовшахтоха а, кхио а, билгалйинчу темехула даккхий доцу дийцарш хӀитто хаар кхолла.

**ПРЕДМЕТНИ ЖАМӀАШ**

- Россин Федерацин махкахь меттан а, културин а тайп-тайпаналлех кхета, мотт халкъан син-оьздангаллин коьртачу мехаллех цхьаъ хилар тӀеэца;
- тӀекеренан коьртачу гӀирсах санна, меттан маьӀнах кхета; Нохчийн республикин пачхьалкхан а, къоман тӀекеренан а мотт санна, нохчийн меттан меттигах кхета;
- нийса барта а, йозанан а къамел адаман оьздангаллин йукъара гайтам санна тӀеэца;
- деллачу дешнашна синонимаш йало; деллачу дешнашна антонимаш йало;
- къамелехь маьӀна нисдан оьшу дешнаш гучудаха, контекстехула дешан маьӀна къасто;
- атта схьакъасталучу морфемашца долчу дешнийн хӀоттамехула таллам бан; дешан хӀоттаман схема хӀотто; дешан хӀоттам йеллачу схемица цхьаьнабало;
- карайерзийнчу грамматикин билгалонийн комплексца (Ӏамийнчун барамехь), дош билггалчу къамелан декъан хилар къасто;
- цӀердешнийн грамматикин билгалонаш къасто: легар, класс, терахь, дожар;

- билгалдешнийн грамматикин билгалонаш къасто: терахь, дожар, кеп (*лааме, лаамаза*);
- билгалдешнаш дожарца лего;
- терахьдешнаш довза а, царах пайдаэца а, масаллин а, рогIаллин а терахьдешнаш къасто;
- хандешан билгалза кеп къасто (схьалаха); хандешан хан къасто;
- йуьхьан цIерметдешан йуьхьанцарчу кепан грамматикин билгалонаш къасто: йуьхь, терахь; йаххьийн цIерметдешнех, текстехь ца оьшу йух-йуха аларш дIадахархьама, пайдаэца;
- дош, дешнийн цхьаьнакхетар, предложени къасто (йовза);
- аларан Iалашоне а, эмоцин иэшаре а хьаьжжина а, предложенийн классификаци йан;
- йаьржина а, йаьржаза а предложенеш йовза;
- цхьанатайпанчу меженашца йолу предложенеш йовза; цхьанатайпанчу меженашца йолу предложенеш хIитто; цхьанатайпанчу меженашца йолчу предложенех къамелехь пайдаэца;
- цхьалхе йаьржина предложенеш а, шина цхьалхечу предложенех лаьтта чолхе предложенеш а дIасакъасто; цхьалхечу предложенина синтаксисан таллам бан;
- Iамийнчу нийсайаздаран бакъонех пайдаэца, царна йукъахь: долахь цIерашкахь доккха элп; йукъарчу цIерашкахь а, кхечу къамелан дакъошкахь а (нохчийн меттан дешнашкахь) *я, яь, ю, юь, е (ё)* элпаш; тIеэцначу (йукъарчу) дешнашкахь а, кхечу къамелан дакъошкахь а *я, ю, е (ё)* элпаш; долахь цIерашкахь *я, яь, ю, юь, е (ё)*, тIеэцначу (долахь цIерашкахь) *я, ю, е (ё)* элпаш; мукъаза элпаш *(къ, кI, кх, гI и т.д.)*; *-эв,-аьв,-ев* йаздаран бакъонаш; оьрсийн маттера а, оьрсийн маттехула а тIеэцначу дешнашкахь *щ, ь, ы, ф* элпаш йаздар; мукъа аьзнаш [*и*], [*уь*] деха хилар гойтуш, *й* элп йаздар; йеха а, йоца дифтонгаш *иэ, уо*; чаккхенгахь *-г, -к* элпаш долчу цIердешнашкахь ***а*** и ***и*** элпаш; дешан чаккхенгахь шала мукъаза элпаш; нохчийн меттан шалха мукъаза элпаш; дешан чаккхенгахь ***н***; цIердешнашца а, йаххьийн цIерметдешнашца а дештIаьхьенийн къаьстина йазйар; *ца, ма* дакъалгийн хандешнашца къаьстина йаздар; *й, ъ, ь* долчу дешнийн сехьадаккхар; шала мукъазчу элпашца долчу дешнийн сехьадаккхар; шалхачу мукъазчу элпашца долчу дешнийн сехьадаккхар; дукхаллин терахьан цIердешнийн чаккхенаш; дешхьалхенийн цхьаьна а, къаьстина а *(ца, ма, а)* йазйар; *а* хуттурго а, хуттургаш йоцуш а цхьаьнатоьхначу цхьанатайпанара меженашца йолчу предложенешкахь сацаран хьаьркаш; шина цхьалхечу предложенех лаьттачу чолхечу предложенехь сацаран хьаьркаш;
- 80 дашал сов барам боцу тексташ нийса схьайазйан;
- Iамийна нийсайаздаран бакъонаш тидаме а оьцуш, 75 дашал сов барам боцу тексташ олуш дIайазйан;
- опискаш, Iамийнчу бакъонашна орфографин а, пунктуацин а гIалаташ схьалаха а, нисдан а;
- тIекеренан хьолах кхета (муьлхачу Iалашонца, хьаьнца, мичахь хуьлуш йу тIекере); тIекеренан хьолахь нийса (адекватни) меттан гIирсаш

харжа;

- нийса интонаци, къамелан зIе хиларан норманаш, орфоэпин норманаш ларйеш, барта диалоган а, монологан а аларш (4-6 предложени) хIитто;
- барта а, йозанан кепахь (йозанан тIекеренан билгалчу хьолана лерина (кехаташ, декъалваран открыткаш, дIакхайкхорш (объявленеш), и.д.кх.) а, йаккхий йоцу тексташ (3-5 предложенех) кхолла;
- текстан тема а, коьрта ойла а къасто; темина йа коьртачу ойланна тIе а тевжаш, текстана ша цIе тилла;
- предложенийн а, текстан дакъойн а къеп нисйан;
- йеллачу тексташна план хIотто;
- текст ма-йарра схьайийцар кхочушдан (барта а, йозанан кепахь а);
- текст хоржуш (йукъ-йукъара) схьайийцар кхочушдан (барта);
- билгалйинчу теманашца сочиненеш йазйан (хьалхе кечам биначул тIаьхьа);
- довзийтаран, талламан йешар, хаам лахар кхочушдан; бешначу (хезначу) хааман буха тIехь барта а, йозанан кепехь а цхьалхечу жамIийн кепаш йало; текстехь йолчу хааман интерпретаци йан а, жамIаш дан а;
- шен дешнашца Iамийнчу кхетамийн маьIна даста; Iамийнчу кхетамех пайдаэца;
- дошаман (кехатан а, электронан а носитель тIехь) гIоьнца, тIаьхьа хьожучу чуваларан хьелашкахь Интернет чохь дешан маьIна нисдан.

# ТЕМАТИКИН ПЛАНИРОВАНИ

| № п/п | Дакъа | Чулацам | Iамор вовшахтохаран некъаш а, кепаш а. Дешархойн гIуллакхдаран характеристика |
|---|---|---|---|
| 1. | **Нохчийн маттах болу хаамаш (2 сахьт[1], курсан массо декъехь дIахьо Iамор)** | Нохчийн мотт Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт санна.<br>Мотт бовзаран тайп-тайпана некъаш: тергам, анализ, лингвистикин эксперимент, мини-таллам, проект. | Iаморан диалог: «ХIора халкъана шен мотт ларбар мехала (ладаме) хIунда ду?<br>2007 шеран 25 апрелан N 16-РЗ йолу «Нохчийн Республикин меттанийн хьокъехь» Нохчийн Республикин законан (06.03.2020 ш. N 13-РЗ ред.) статьяш йукъарчу хьолехь йешар:<br>«2 статья. Нохчийн Республикин пачхьалкхан меттанаш<br>«1.Нохчийн Республикин пачхьалкхан меттанаш ду оьрсийн а, нохчийн а меттанаш. Нохчийн а, оьрсийн а меттанийн пачхьалкхан статус хиларо Нохчийн Республикехь дехаш долчу Россин Федерацин кхечу къаьмнийн шайн мотт кхиорехь а, цунах пайдаэцарехь а йолу бакъонаш ца иэшайо».<br>*(«1. Государственными языками Чеченской Республики являются русский и чеченский языки. Статус чеченского и русского языков как государственных не ущемляет права других народов Российской Федерации, проживающих в Чеченской Республике, в использовании и развитии своих языков»).*<br>Хьехархочун «Нохчийн мотт Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт санна» темина дийцар-кхетор.<br>Россин меттанийн шортенан тайп-тайпаналех а, хIора халкъан дахарехь ненан меттан маьIнах а ойланаш кепе йалор кхочушден Iаморан диалог.<br>Лингвистикин мини-талламан, проектан тIедилларан, мотт Iаморан методех санна, пайдаэца таро хилар дийцаре дар. |

[1] Выделенное количество учебных часов на изучение разделов носит рекомендательный характер и может быть скорректировано с учётом резервных уроков (12 ч.) для обеспечения возможности реализации дифференциации процесса обучения и расширения содержания с учётом образовательных потребностей и интересов обучающихся.

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | Іаморан диалог «Муха харжа деза мини-таллам, проектан тІедиллар кхочушдарехь хааман хьоста?».<br>«Текст», «Фонетика, графика, орфоэпи», и.д.кх. дакъошкахь, шаьш кхочушдарехь текстан, графикин, озан хаамна, дешаран хьесапца догІуш, анализ йан хаар кхиадо практикин белхаш.<br>Курсан массо дакъошкахь, йалийнчу кепашна тІе а тевжаш, цхьаьна ден а, ша ден а проектан тІедахкарш кхочушдар. |
| 2. | **Фонетика, графика, орфоэпи (2 сахьт, курсан массо декъехь дІахьо Іамор)** | Йеллачу параметрашца дашехь а, дашехь доцуш а аьзнийн характеристика, дустар, классификаци йар. Дешан аьзнийн-элпийн таллам. Къамел даран (говорение) а, йешаран а процессехь нийса интонаци (иэшар). Аьзнийн, аьзнийн цхьаьнакхетарийн аларан норманаш; дешнашкахь, хІинцалерчу нохчийн литературни меттан норманашца йогІу, йохалла (Іаматехь Іамочу дешнийн кІеззиг масалшна тІехь). | Йешначу текстан чулацамах кхетар.<br>Іаморан диалог « Муьлхачу билгалонашца аьзнийн характеристика йан хаьа вайна?».<br>Шимма цхьаьна болх бар: йеллачу билгалонашца аьзнийн барта характеристика кхочушйар.<br>Аьзнийн-элпийн талламна йеллачу алгоритмана цхьаьна анализ кхочушйар.<br>Практикин болх: деллачу дешнийн аьзнийн-элпийн таллам дІабахьар. |
| 3. | **Лексика (3 сахьт)** | Къамелехь синонимех, антонимех, омонимех пайдаэцарна тІехь тергам. Къамелехь дешнийн чІагІделлачу цхьаьнакхетарех (фразеологизмех) пайдаэцарна тІехь тергам (довзийтар). | Іаморан диалог «Стенна оьшу дешнаш?» Комментареш а йеш, тІедиллар кхочушдар: текстан предложенера йукъахдитар долчохь хІотто синонимийн могІарера догІу дош харжар, шен харжамах кхетор.<br>Тобанашкахь болх: дидактикин текстаца болх, предложенешкахь дешнаш догІуш хиларан анализ, дешан харжам дика ца нисбелла меттигаш карор, карийна гІалаташ нисдар (уггар нийса синоним харжар).<br>Суьрташца болх: суьрташ шайца догІучу фразеологизмашца цхьаьнадалор.<br>Шимма цхьаьна бен болх: фразеологизмаш а, церан маьІнаш а цхьаьнадалор.<br>Тобанашкахь болх: тексташкахь фразеологизмаш лахар. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | Кхоллараллин тIедиллар: фразеологизман хIоттамна йукъа догIучу дешнийн маьIнех ма-дарра кхетаран буха тIехь забарийн шайн суьрташ кхоллар (дахкар). |
| 4. | **Дешан хIоттам (морфемика) (4 сахьт)** | Хийцалучу дешнийн хIоттам, морфемаш атта къасталучу дешнашкахь орамаш, дешхьалхенаш, суффиксаш, чаккхенаш билгалйахар (Iамийнарг карладаккхар).<br>Дешан лард. Чолхе дешнаш (довзийтар). | Iаморан диалог: «Дешан муьлха дакъош девза вайна?», диалог дIайахарехь дешан дакъойх Iамийнарг карладоккху (маьIна, къасторан некъ, билгалдаккхаран некъ).<br>Дешан лард йовзийтар, «дешан лард» кхетам йукъабалор.<br>Цхьаьна гIуллакхдар: дешан хIоттамца таллам баран алгоритм хIоттор.<br>Шардар: хIоттийнчу алгоритмаца дешан хIоттамца таллам бар дIадахьар.<br>Шимма цхьаьна бен болх: дешан хIоттамна бинчу талламехь гIалаташ лахар.<br>Вовше таллам а беш, хIораммо ша кхочушбен болх: далийнчу дешнийн лард къастор.<br>Iаморан диалог: «Муьлхачу дешнех ала мегар ду чолхе дешнаш?».<br>«Чолхе дешнаш» кхетам йукъабалор.<br>Цхьаьна бен болх: далийнчу дешнашна йукъахь чолхе дешнаш карор. |
| 5. | **Морфологи (35 сахьт)** | Коьрта а, гIуллакхан а къамелан дакъош (йуьхьанцара довзийтар).<br>ЦIердош. ЦIердешнийн легар. 1, 2, 3, 4-чу легарийн цIердешнаш. Долахь цIердешнийн легар (цIераш, фамилеш). | «Къамелан дакъош» таблицица болх, таблицин чулацаман анализ.<br>Тобанашкахь болх: дешнаш тобанашкахь цхьаьнатоха бух карор (къастор) (тобанашка дерзорхьама тайп-тайпанчу билгалонех пайдаэца мега, масала: къамелан дакъошца; цIердешнашна - классашца, терахьашца, легаршца, хандешнашна - хаттаршца, хенашца). |

<table>
<tr><td rowspan="6"></td><td rowspan="6"></td><td>Билгалдош.  Лаамаза а, лааме а билгалдешнаш. Билгалдешнийн легар.1,2-чу легаран билгалдешнаш. Легалуш доцу билгалдешнаш (хьенан? стенан? хаттаршна  жоп лун билгалдешнаш).</td><td rowspan="6">Практикин болх: цIердешнийн грамматикин билгалонаш къастор.<br>Шардар: дешнаш а, церан грамматикин характеристикаш а цхьаьнайалор.<br>Работа в парах: цIердешнаш тайп-тайпанчу баххашца тобанашка дерзор.<br>Шардар: текстехь билгалйинчу грамматикин характеристикашца цIердешнаш карор.<br>Дифференцированни тIедиллар: цIердешнийн могIарехь совнах цIердош карор – тобанехь кхечу дешнийн йолу грамматикин билгалонех муьлхха а цхьаъ йоцу цIердош.<br>Практикин болх: билгалдешнийн грамматикин билгалонаш къастор.<br>Комментареш а йеш, билгалдешан кеп цIердешан кепаца цхьаьнайалоран тIедиллар кхочушдар.<br>Тобанашкахь болх: дидактикин текстан анализ, текстехь лааме а, лаамаза а билгалдешнаш карор.<br>Практикин болх: хандешан грамматикин билгалонаш къастор.<br>Комментарешца тIедиллар кхочушдар: хандешнаш а, церан грамматикин характеристикаш цхьаьнайалор.<br>Тобанашкахь болх: хандешнаш тобанашкахь цхьаьнатохар (хенашца а, билгалзачу кепаца).<br>ТIедиллар цхьаьна кхочушдар:  текстехь хандешнаш хиларехула анализ.<br>Куцдешнашна тIехь тергам: маьIна билгалдар.<br>Практикин болх: цIердешнийн, билгалдешнийн, хандешнийн грамматикин билгалонаш къастор.<br>Дифференцированни  тIедиллар: цIердешнийн, билгалдешнийн, хандешнийн грамматикин билгалонаш къасторехь гIалаташ лахар.<br>Практикин болх: кхетам (легар, хандешан билгалза кеп, терахь, и. д. кх.) шен  йоццучу характеристикаца цхьаьнабалор.</td></tr>
<tr><td>Терахьдош. Масаллин а, рогIаллин а терахьдешнаш.</td></tr>
<tr><td>ЦIерметдош. Йаххьийн цIерметдешнаш (карладаккхар). Цхьаллин а, дукхаллин а терахьан йаххьийн цIерметдешнийн дожаршца хийцадалар.</td></tr>
<tr><td>Хандош. Хандешан билгалза кеп. Хандешнийн карара, йахана, йогIу хан. Хандешнаш хенашца хийцадалар.</td></tr>
<tr><td>Куцдош (йукъара кхетам). МаьIна, хаттарш, къамелехь пайдаэцар.</td></tr>
<tr><td>ДештIаьхье.<br>Хуттург. Цхьалхе а, чолхе а предложенешкахь хуттургаш.<br>Дакъалгаш ца, ма, церан маьIна.</td></tr>
</table>

| | | | |
|---|---|---|---|
| 6. | **Синтаксис**<br>**(13 сахьт)** | Дош а, дешнийн цхьаьнакхетар а, предложени а, церан тераллех а, башхаллех а кхетар; аларан Iалашоне хьаьжжина, предложенийн тайпанаш (дийцаран, хаттаран, тIедожоран); синхаамийн иэшаре (айдаран а, айдаран йоцу а) хьаьжжина, предложенийн тайпанаш; йаьржина а, йаржаза а (Iамийнарг карладаккхар).<br>Цхьалхечу предложенин синтаксически таллам.<br>Цхьанатайпанчу меженашца йолу предложенеш: хуттургаш йоцу а, хуттургашца йолу а. Цхьанатайпанчу меженашца йолчу предложенешкахь дагардаран интонаци (иэшар).<br>Цхьалхе, чолхе предложени (йовзийтар).<br>предложение (ознакомление). | Предложени, дешнийн цхьаьнакхетар, дош дустарца а, церан тераллин а, башхаллин а баххаш далорца а, дIахьош йолу Iаморан диалог.<br>Тобанашкахь болх: аларан Iалашоне а, эмоцин иэшаре а хьаьжжина предложенийн классификаци.<br>Цхьалхечу предложенин синтаксически таллам.<br>Цхьалхе а, чолхе а предложенийн башхаллашна тIехь тергам.<br>Шардар: къаьсттинчу билгалонца предложенеш тобанашка йерзор.<br>Цхьаьна гIуллакхдар: дешнийн цхьаьнакхетарш а, предложенеш а хIиттор.<br>Практикин болх: Iамийна кхетамаш (предложенин цхьанатайпанара меженаш, чолхе предложени) масалшца цхьаьнабалор. |
| **7.** | **Орфографи а,**<br>**пунктуаци а**<br>**(19 сахьт)** | Орфографин син иралла нийсайаздаран гIалат дан тарлун меттигах кхетар санна; ша хIоттийна а, схьакховдийна а тексташ таллархь таллам а, ша шена таллам а (карладаккхар а, нийсайаздаран керлачу коьчалехь пайдаэцар а).<br>Нийсайаздаран (орфографин) дошамах, дешан нийсайаздар къастош (нисдеш), пайдаэцар.<br>Нийсайаздаран бакъонаш а, царах пайдаэцар а: дешхьалхенийн цхьаьна а, къаьстина а йазйар; хуттургаш йоцуш а, | ХIокху классехь Iамочу нийсайаздаран бакъонех пайдаэцаран алгоритмийн моделаш хIиттор, хIиттийнчу алгоритмех пайдаэцар.<br>Текстана, билгалйинчу бакъонца догIу дешнаш чулацамехь хиларна, комментари а йеш, анализ йар.<br>Таллам кхиорна шардар: дидактикин текстаца болх беш, дешнийн йаздар нийсайаздаран (орфографин) норманашца догIуш хилар къастор, нийсайаздаран (орфографин) гIалаташ карор.<br>Тобанашкахь болх: дешнашкахь гIалаташ карор а, гIалат динчу меттахь дилла деза элп харжарх кхетор а.<br>Шимма цхьаьна бен болх: пайдаоьцучу бакъонийн тайпанца дешнаш тобанашкахь цхьаьнатохар. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | хуттургашца а цхьаьнатоьхначу предложенешкахь сацаран хьаьркаш.<br>Шина цхьалхечу предложенех лаьттачу чолхечу предложенехь сацаран хьаьркаш (тергам). | Тобанашкахь болх: йаздар Іамийнчу бакъонашца кхето таро йолу дешнаш тобанашкахь цхьаьнатохар.<br>Нийсайаздаран (орфографин) хьесап кхочушдаран шен жамІан мах хадор, тексташ схьайазйарехь а, олуш дІайазйарехь а гІалаташ иэшорхьама хьехархочун гІоьнца шен дараш нисдар (корректировать дар).<br>Проектан тІедиллар: халачу дешнийн шен дошам хІоттор (йаздар ма-аьлла дагахь ца лаьттачу, йиллина шеконаш кхоллалучу, и.д.кх. дешнийн).<br>Шен таронийн мах хадоран хьал кхоллар: нийсайазйаран коьчал тІечІагІйан шардарш харжар.<br>Кхин тІе хааман хьостанех пайдаэцар оьшу проблемни хьал: нийсайаздаран дошамца дешнийн йаздар нисдар (цу йукъахь электронни носитель тІехь йерш).<br>Проектан тІедиллар: билгалйинчу бакъонашна максимале барамехь дешнаш йукъа а далош, шен тексташ кхоллар.<br>Проектан тІедиллар: билгалйинчу бакъонна шен дешнийн диктанташ хІиттор.<br>Дешнийн дІайаздаран нийса хилар ша таллар, нийса ца йаздина дешнаш карор а, шен гІалаташ нисдар а.<br>Йаздар нийса хиларан бух абалорехь, нийсайаздаран коьчал тІехь бинчу тергаман жамІ дарехь барта алар. |
| **8.** | **Къамел кхиор (14 сахьт)** | Барта а, йозанан а тІекеренан хьелаш (кехат, декъалваран открытка, дІакхайкхор (объявлени), и.д.кх.); диалог; монолог; текстан цІарехь текстан тема йа коьрта ойла гайтар.<br>Йозанан къамелан нийса хилар, хьал долуш хилар, исбаьхьалла а тидаме а оьцуш, тексташ (йелларш а, шен а) нисйар. | Тобанашкахь болх: текстана анализ йар, Іалашонца а, тІекеренан хьелашца а меттан гІирсийн харжар нийсачу буха тІехь хилар.<br>Шимма цхьаьна бен болх: текстан анализ а, цуьнан чулацамехь маьІнин гІалаташ карор а.<br>Кхолларалллин тІедахкарш: тайп-тайпанчу тайпанийн барта а, йозанан кепахь а тексташ (суртхІоттор, ойлайар, дийцар) кхоллар.<br>Практикин болх: билгалдинчу хьолаца йогІу жанр харжар а, кехат, декъалваран открытка, дІайаздарш (записки) йаздар а. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Схьайийцар, дӀайазйар (текстан барта а, йозанан кепахь а ма-йарра схьайийцар, текстан барта хоржуш схьайийцар).<br>Сочинени йозанан белхан тайпа санна. Талламан, йовзийтаран йешар. Текстехь гучу кепехь балийна хаам лахар.<br>Текстехь болчу хааман буха тӀехь цхьалхечу жамӀийн кепаш йалор.<br>Текстехь болчу хааман интерпретаци а, жамӀдар а. | Кхоллараллин тӀедиллар: цхьана темина тайп-тайпанчу тайпанийн тексташ хӀиттор (суртхӀоттор, дийцар, ойлайар).<br>Практикин болх: йешначу книгина отзыв (хетарг) йазйар.<br>Тобанашкахь болх: маьӀнийн гӀалаташ долу текст нисйар (корректировать йар).<br>ТӀедиллар цхьаьна кхочушдар: критерешца текстийн анализ: нийса, хьал долуш хилар, къаьсташ хилар (исбаьхьалла).<br>80 дашал сов барам боцу тексташ нийса схьайазйан.<br>Ӏамийна нийсайаздаран бакъонаш тидаме а оьцуш, 75 дашал сов барам боцу тексташ олуш дӀайазйан.<br>Изложенешна а, сочиненешна а тӀехь болх беш шен дарийн анализ, шен дараш йалийнчу алгоритмашца дустар.<br>Ӏаморан хьесап кхочушдар нийсахиларан ша шен мах хадор: шен текст йуьхьанцарчу текстаца (изложенешкахь) а, билгалйинчу темица (сочиненешкахь) а йустар.<br>Практикин тӀедиллар: Ӏаморан-практикин хьесап кхочушдархьама хаам схьаэцаран хьоста харжар (дошаман, справочникан билггал цхьа тайпа).<br>Кхоллараллин тӀедиллар: гуш-хезаш гӀеххьа (кӀеззиг) къамел дарна кечам. |
| **Резерв (дийнна дешаран шарна) – 10 сахьт** | | | |

## КАЛЕНДАРНО-ТЕМАТИЧЕСКИ ПЛАНИРОВАНИ

| **Раг1** | **Урокан тема** | **Маса сахьт** | **Урок д1ахьо хан** | |
|---|---|---|---|---|
| | | | **планаца** | **билггал** |
| | **1амийнарг карладаккхар-28с.** | | | |
| **1** | Дош. Предложени. Текст | 1 | 2.09 | |
| **2** | Дош. Предложени. Текст | 1 | 7.09 | |
| **3** | Предложенин меженаш | 1 | 8.09 | |
| **4** | Предложенин меженаш | 1 | 9.09 | |
| **5** | Текстийн тайпанаш | 1 | 14.09 | |
| **6** | **Талламан болх** | 1 | 15.09 | |
| **7** | Г1алаташ т1ехь болх. Аьзнаш а, элпаш а | 1 | 16.09 | |
| **8** | Аьзнаш а, элпаш а. Дешдакъа | 1 | 21.09 | |
| **9** | Аьзнаш а, элпаш а. Дешдакъа | 1 | 22.09 | |
| **10** | Дешан х1оттам. | 1 | 23.09 | |
| **11** | Дешан х1оттам | 1 | 28.09 | |
| **12** | Чолхе дешнаш. | 1 | 29.09 | |
| **13** | Дешхьалхенийн нийсаязъядар. Дешхьалхе, дешт1аьхье. | 1 | 30.09 | |
| **14** | Дешхьалхенийн нийсаязъядар. Дешхьалхе, дешт1аьхье. | 1 | 5.10 | |
| **15** | Къасторан ь,ъ хьаьркаш. | 1 | 6.10 | |
| **16** | Къамелан дакъош. | 1 | 7.10 | |
| **17** | Къамелан дакъош. | 1 | 12.10 | |
| **18** | Къамелан дакъош. | 1 | 13.10 | |
| **19** | Къамелан дакъош. | 1 | 14.10 | |
| **20** | **Талламан болх** | 1 | 19.10 | |
| **21** | Г1алаташ т1ехь болх. Предложенин цхьанатайпа нара меженаш. | 1 | 20.10 | |
| **22** | Предложенин цхьанатайпанара меженаш. | 1 | 21.10 | |
| **23** | Предложенин цхьанатайпанара меженаш. | 1 | 26.10 | |
| **24** | Предложенин цхьанатайпанара меженаш. | 1 | 27.10 | |
| **25** | Текст. | 1 | 28.10 | |
| **26** | Текст. | 1 | 28.10 | |
| **27** | Изложенина кечам бар (аг1о 43). | 1 | 3.11 | |
| 28 | **Изложени «Шеран заманаш».** | 1 | 4.11 | |
| | **Ц1ердош-19с** | | | |
| 29 | Г1алаташ т1ехь болх бар. Ц1ердош. | 1 | 9.11 | |
| 30 | Ц1ердешнийн дожарш.Ц1ерниг дожар | 1 | 10.11 | |
| 31 | Доланиг дожар. | 1 | 16.11 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 32 | Лург дожар | 1 | 17.11 | |
| 33 | Дийриг дожар. | 1 | 18.11 | |
| 34 | Коьчалниг дожар. | 1 | 23.11 | |
| 35 | Хотталург дожар | 1 | 24.11 | |
| 36 | Меттигниг дожар. | 1 | 25.11 | |
| 37 | Дустург дожар. | 1 | 30.11 | |
| 38 | Ц1ердешнийн дожарш. Карладакхар | 1 | 1.12 | |
| 39 | Ц1ердешнийн легарш. | 1 | 2.12 | |
| 40 | Ц1ердешнийн легарш. | 1 | 7.12 | |
| 41 | Ц1ердешнийн легарш. | 1 | 8.12 | |
| 42 | **Талламан болх.** | 1 | 9.12 | |
| 43 | Г1алаташ т1ехь болх .1амийнарг т1еч1аг1дар. | 1 | 14.12 | |
| 44 | Ц1ердешнийн дукхаллин терахь. | 1 | 15.12 | |
| 45 | **Сочинени «1а» (аг1о 73) (кечам)** | 1 | 16.12 | |
| 46 | **Сочинени «1а»** | 1 | 21.12 | |
| 47 | Г1алаташ т1ехь болх Ц1ердешнийн дукхаллин терахь. | 1 | 22.12 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Билгалдош-10сахьт** | | | | |
| 48 | Билгалдош. | **1** | **23.12** | |
| 49 | Билгалдош. | 1 | 11.01 | |
| 50 | Лааме а,лаамаза а билгалдешнаш. | 1 | 12.01 | |
| 51 | Лааме а,лаамаза а билгалдешнаш. | 1 | 13.01 | |
| 52 | Билгалдешнийн дожаршца хийцадалар. | 1 | 18.01 | |
| 53 | Билгалдешнийн дожаршца хийцадалар. | 1 | 19.01 | |
| 54 | Билгалдешнийн хьалхара легар. | 1 | 20.01 | |
| 55 | Билгалдешнийн хьалхара легар. | 1 | 25.01 | |
| 56 | Билгалдешнийн шолг1а легар. | 1 | 26.01 | |
| 57 | Карладаккхар,т1еч1аг1дар. | 1 | 27.01 | |
| **Терахьдош-3с** | | | | |
| 58 | Терахьдош. | 1 | 1.02 | |
| 59 | Масаллин а, рог1аллин а терахьдешнаш | 1 | 2.02 | |
| 60 | Масаллин а, рог1аллин а терахьдешнаш. | 1 | 3.02 | |
| **Ц1ерметдош-6с** | | | | |
| 61 | Ц1ерметдош. | 1 | 8.02 | |
| 62 | Яххьийн ц1ерметдешнаш. | 1 | 9.02 | |
| 63 | Яххьийн ц1ерметдешнаш. | 1 | 10.02 | |
| 64 | **Изложени (Ши накъост аг1о 107) (кечам)** | 1 | 15.02 | |
| 65 | **Изложени Ши накъост** | 1 | 16.02 | |
| 66 | Г1алаташна т1ехь болх. Ц1ерметдош т1еч1агдар. | 1 | 17.02 | |
| **Хандош-10с.** | | | | |
| 67 | Хандош. | 1 | 22.02 | |
| 68 | Хандешнийн хенашца хийцадалар. | 1 | 27.02 | |
| 69 | Хандешнийн хенашца хийцадалар. | 1 | 1.03 | |
| 70 | Хандешан билгалза кеп. | 1 | 2.03 | |
| 71 | Хандешан билгалза кеп. | 1 | 3.03 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 72 | Хандешан карара хан | 1 | 9.03 | |
| 73 | Хандешан йахана хан | 1 | 10.03 | |
| 74 | Хандешан йог1у хан | 1 | 15.03 | |
| 75 | **Талламан диктант** | 1 | 16.03 | |
| 76 | Г1алаташна т1ехь болх бар Хандешнашца ца,ма нийсаяздар. | 1 | 17.03 | |
| **Чолхе предложени-2с.** | | | | |
| 77 | Чолхе предложени | 1 | 22.03 | |
| 78 | Чолхе предложени | 1 | 23.03 | |
| **Т1едерзар-2с** | | | | |
| 79 | Т1едерзар. | 1 | 24.03 | |
| 80 | Т1едерзар. | 1 | 5.04 | |
| **1амийнарг карладаккхар-(22с)** | | | | |
| 81 | 1амийнарг карладаккхар. Предложени. | 1 | 6.04 | |
| 82 | 1амийнарг карладаккхар. Предложени. | 1 | 7.04 | |
| 83 | Дешан х1оттам. | 1 | 12.04 | |
| 84 | Дешан х1оттам. | 1 | 13.04 | |
| 85 | Дешан х1оттам. | 1 | 14.04 | |
| 86 | Къмалан дакъош. Ц1ердош | 1 | 19.04 | |
| 87 | Къмалан дакъош. Ц1ердош | 1 | 20.04 | |
| 88 | Къмалан дакъош. Ц1ердош | 1 | 21.04 | |
| 89 | Билгалдош | 1 | 26.04 | |
| 90 | Билгалдош | 1 | 27.04 | |
| 91 | Билгалдош | 1 | 28.04 | |
| 92 | Терахьдош | 1 | 3.05 | |
| 93 | Терахьдош | | 4.05 | |
| 94 | Ц1ерметдош. | 1 | 5.05 | |
| 95 | Ц1ерметдош. | 1 | 10.05 | |
| 96 | Хандош. | 1 | 11.05 | |
| 97 | Хандош. | 1 | 12.05 | |
| 98 | **Талламан диктант.** | 1 | 17.05 | |
| 99 | **Г1алаташна т1ехь болх бар** | 1 | 18.05 | |
| 100 | 1амийнарг т1еч1аг1дар. | 1 | 19.05 | |
| 101 | Тестировани | 1 | 24.05 | |
| 102 | Шарахь 1амийначун жам1 дар. | 1 | 25.05 | |

| Сочинени | Изложени | Изложенин барам | Диктант | Диктантан барам |
|---|---|---|---|---|
| **1** | **2** | **80-90 дош** | **5** | **60-65 дош** |
| | | | | |